भारत दुनियाँक शान छै यौ भैया हम्मर् देश महान छै,
तीन बगल छै समुद्र सै घेरल उत्तर में कैलाश बलवान छै,
गंगा यमुन कृष्णा कावेरी कोसी कमला बलान छै,
हम्मर् देश महान छै यौ भैया, तीरंगे में बसल प्राण छै...2

हम्मर वीर जवान देखक दुनियाँक निक्लैत प्राण छै,
हाथ में झण्डा सिना में गोली तैयो मुख पर मुस्कन छै,
हरा भरा छै देश ई हम्मर खेत में लोहरैत धान छै,
हम्मर् देश महान छै यौ भैया, तीरंगे में बसल प्राण छै...2

रामलिला सत्संग के सँग में मस्जिद के भोरका अज़ान छै,
मंडन मिश्र के कथा प्रचलित विद्यापति के गंगा गुणगान छै,
दिंकर के जैसन लेखक अछि गोनु झाक सँ विद्ववन छै
हम्मर् देश महान छै यौ भैया, तीरंगे में बसल प्राण छै...2

दुनियाँक के हमत सुन्य देलऊ ह् तइयो न् हमरा गुमान छै,
हम्मरे सुन्य पर टिकल यौ भैया आजुक् ई विज्ञान छै,
पहार तोरी के सड़क बनैलक दसरथ के कर्नि महान छै,
हम्मर् देश महान छै यौ भैया, तीरंगे में बसल प्राण छै...2

चार वेद रामायण गीता पवित्र ग्रंथ में कुरान छै,
हिंदू मुस्लिम सिख ईसाई सब्के होइत सम्मान छै,
बैसाखी गरवा के संग में छठ पूजा के पकवान छै
हम्मर् देश महान छै यौ भैया, तीरंगे में बसल प्राण छै...2

अमर शहीद वीर के ई धरती नाम हिदुस्तान छै,
स्वामी विवेकानंद के भूमि जिंकर कथन महान छै,
अब्दुलहमिद अर् अभिनंदन के जैसन वीर जवान छै,
हम्मर् देश महान छै यौ भैया, तीरंगे में बसल प्राण छै...2

दीपक वत्स